



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN PRIM AKSÈ AK KOLÈJ 2026 LA KI DEVWE AK ELAJI OPÒTINITE POU ETIDYAN ATRAVÈ NOUYÒK YO

Yo anonse gayan yo pandan premye Konferans sou Aksè ak Kolèj Eta Nouyòk la

Ekspè ki soti toupatou nan Eta a reyini nan Albany pou abòde Aksè ak Kolèj, ranpli FAFSA, epi rann chemen pou rive reyisi nan kolèj yo pi senp

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse benefisyè Prim Aksè ak Kolèj (College Access Awards) Eta Nouyòk 2026 yo, ki rekonèt efò eksepsyonèl moun ak òganizasyon ki angaje nan sipòte konsyantizasyon sou èd finansye, elaji aksè ak pri abòdab nan edikasyon siperyè atravè eta a, epi elimine obstak yo pou asire tout etidyan Nouyòk yo ka pouswiv objektif edikatif yo.

Yo te anonse gayan prim yo pandan [Konferans Aksè ak Kolèj Eta Nouyòk \(New York State College Access Conference, NYSCAC\) 2026 la](#), yon evènman enpòtan ki te reyini pwofesyonèl èd finansye, konseye pedagogik, defansè, ak lidè edikasyon siperyè ki angaje pou elaji opòtinite pou antre nan kolèj atravè Nouyòk. Konferans sa a, premye nan kalite pa li nan Nouyòk, te prezante atelye ekspè yo dirije sou fason pou navige chanjman k ap fèt nan domèn èd finansye federal la, pi bon pratik pou ankouraje ranplisaj FAFSA ak TAP, ansanm ak estrateji pou sipòte etidyan yo, epi li mete aksan sou angajman Eta Nouyòk pou amelyore pri abòdab ak aksè ak kolèj pou tout elèv yo. Gouvènè Hochul te akeyi patisipan yo nan konferans lan atravè yon [mesaj videyo](#), kote li te mete aksan sou wòl esansyèl yo jwe nan sipòte etidyan ak fanmi nan Eta Nouyòk.

"Felisitasyon pou moun k ap resevwa Prim Aksè ak Kolèj Eta Nouyòk 2026 yo, efò ekstrawòdinè nou yo ap elimine obstak epi elaji opòtinite pou elèv atravè tout eta nou an," **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Konferans inogiral sa a reflekte pwogrè ak angajman ki defini misyon Nouyòk pou amelyore pri abòdab ak aksè ak kolèj, paske lè nou invest nan edikasyon, nou invest nan lavni eta nou an."

Prim ane sa a selebre ekselans nan senk kategori diferan, chak ladan yo rekonèt kontribisyon eksepsyonèl nan ekite ak opòtinite nan edikasyon. Kategori prim yo ak gayan yo enkli:

- **Prim Lidèchip Dr. Guillermo Linares:** Nan selebre eritaj dirab Dr. Guillermo Linares, prim sa a onore yon moun ki montre angajman li pou fè edikasyon

siperyè avanse nan Eta Nouyòk. Li rekonèt yon lidè vizyonè k ap mennen inisyativ ki louvri pòt pou elèv yo epi amelyore disponiblite èd finansye, pou ba yo pouvwa reyalize objektif akademik yo.

Benefisyè:

- Dr. Mery Diaz, Pwofesè, NYC College of Technology
- **Prim Kreyatè Chemen an:** Li onore òganizasyon ak moun ki kreye chemen ki gen gwo enpak pou mennen elèv defavorize oswa ki pa byen reprezante yo nan edikasyon siperyè.

Benefisyè yo:

- Konseye Bousye Konsèy sou Oryantasyon pou Kolèj ak Karyè, CUNY
- Monroe University
- Ricardo Brens, Direktè Edikasyon Aprè Segondè, High School for Law/Public Service
- Shavon Munchez-Jackson, Konseye Prensipal Inisyativ Koneksyon ak Kolèj, Sant Opòtinite Edikatif Brooklyn nan SUNY
- Yonkers Partners in Education

- **Prim Ekselans Mwa Aplikasyon pou Kolèj:** Li rekonèt lekòl ki mete an aplikasyon estrateji inovatè ak efikas pou ogmante kantite aplikasyon pou kolèj ak èd finansye ki fin ranpli.

Benefisyè yo:

- Melissa Ferguson, Konseye Aprè Lekòl Segondè nan Lekòl Segondè, Brentwood High School
- Marissa Kropp, Konseye Lekòl, Belmont Preparatory High School

- **Prim Navigatè Èd Finansye:** Li rekonèt pwofesyonèl ki montre yon devouman eksepsyonèl pou ede elèv yo ak fanmi yo itilize pwosesis èd finansye a.

Benefisyè yo:

- Akil Bello, Direktè Konsèy sou Kolèj ak Inisyativ pou Ranpli FAFSA (FAFSA Completion Initiative), SUNY
- Norma Feriz-Gordon, Antrenè pou Siksè nan Kolèj ak Karyè, Biwo Chimen Elèv nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk
- Maria Gordineer, Konseye pou Kolèj, Peekskill City School District
- Stacy Rankin, Sipèvizè, Say Yes Buffalo

- **Prim Chanpyon FAFSA:** Rekonèt lidè ak òganizasyon ki gen kontribisyon enpòtan nan ogmantasyon konsyantizasyon sou FAFSA, ranpli li, ak aksè elèv yo ak èd finansye atravè Eta Nouyòk.

Benefisyè yo:

- Dr. Anael Alston, Asistan Komisè nan Biwo Aksè, Ekite ak Sèvis Angajman Kominotè, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYS Education Department)
- Deb Alverson, Vis Prezidan Konseye Lekòl Presegondè yo, Asosyasyon Konseye Lekòl Eta Nouyòk

- Jessica Arkin, Konseye pou Kolèj ak Apre Segondè, The High School for Environmental Studies
- Priscilla Armsby, Direktè Adjwen, Rensselaer Polytechnic Institute
- Kyle Belokopitsky, Direktè Egzekitif, Asosyasyon Paran Pwofesè (Parent Teacher Association)
- Katie Cooney Lesko, Vis Prezidan pou Jesyon Enskripsyon, Russell Sage College
- Carmen Diaz-Malvido, Direktè Egzekitif Jeneral, Aspira of New York
- Evalyn Gleason, Direktris Prensipal Pwogram, TeachNY
- Shaun Hoff, Diretor Adjwen, SUNY New Paltz
- Sandy Jimenez, Responsab Resous pou Chemen Aprè Segondè, New Visions
- Lucy R. McIntyre, Direktè Adjwen ak Ofisye Konfòmite, CUNY
- Kim Nauer, Direktè, UnderstandingFAFSA.org
- Lucas O. Rallis, Prezidan, Asanble Etidyan SUNY
- Dan Robinson, Direktè, Pace University
- James Rodriguez, Kowòdonatè, United Federation of Teachers
- Gene Rogers, Konseye, Molloy University
- Erica Rose, Vis Prezidan Estrateji pou Patenarya Konsèy, UAspire
- Brian Smith, Direktè Sèvis Finansye pou Etidyan yo, SUNY Cobleskill

Prezidan Enterimè Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè (Higher Education Services Corporation, HESC) Eta Nouyòk la, Doris B. González, te deklare,

"Felisitasyon pou gayan Prim Aksè ak Kolèj Eta Nouyòk 2026 yo. Devouman san fay ou ak patenarya ou te jwe yon wòl esansyèl nan ede HESC elaji enpak li epi sipòte elèv yo. Konferans sou Aksè ak Kolèj ane sa a te bay yon bèl opòtinite pou reyini konseye yo, pwofesyonèl èd finansye yo, ak patnè yo ki pataje yon misyon kolektif pou kreye chemen ki mennen nan siksè pou chak elèv epi pou selebre reyalizasyon remakab moun ki te resevwa prim nou yo. Ansanm, nou ap transfòme rèv edikasyon siperyè a an yon reyalyte ki posib pou plizyè milyon Nouyòkè."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Nou fyè dèske n ap travay avèk Gouvènè Hochul, lidè eta yo, ak patnè kominotè yo pou rann chemen ki mennen nan edikasyon siperyè a pi aksesib epi ede asire gen yon plas pou chak Nouyòkè nan SUNY. Atravè gwo sipò Gouvènè Hochul ak Asanble Lejislatif Eta a bay, ansanm ak sèvis sipò ak resous pou elèv yo ki vin pi solid, nou asire chak elèv gen aksè ak yon edikasyon ekselan ak opòtinite ki ede yo reyalize rèv yo. Mwen felisite gayan Prim Aksè ak Kolèj SUNY yo, tankou Akil Bello, Shaun Hoff, Shavon Munchez-Jackson, Brian Smith, epi espesyalman Administratè SUNY a ak Prezidan Asanble Etidyan SUNY a, Luca O. Rallis."

Konsèy Administrasyon SUNY te deklare, "Nou fyè pou nou rekonèt gayan Prim Aksè ak Kolèj yo, espesyalman Administratè SUNY a ak Prezidan Asanble Etidyan SUNY a, Luca O. Rallis, pou devouman fèm yo nan elimine obstak ki anpeche aksè ak edikasyon siperyè. Travay ekstrawòdinè yo, ansanm ak inisyativ tankou Konferans sou Aksè ak Kolèj Eta Nouyòk la, mete aksan sou gwo valè sèvis sipò pou etidyan yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak lidè Eta yo pou sipò solid yo bay SUNY epi paske yo asire

tout moun gen aksè ak opòtinite ki pèmèt yo monte nan lavi epi rive reyalize tout potansyèl yo."

Rektè CUNY, Félix V. Matos Rodríguez, te deklare, "Felisitasyon pou tout moun ki onore pou travay yo fè pou rann kolèj posib pou plis etidyan ak fanmi nan Nouyòk, atravè elajisman aksè ak èd finansye. Nou fyè dèske CUNY fè pati travay sa a, nou rekonesan anvè HESC dèske li te òganize premye Konferans sou Aksè ak Kolèj la, epi nou apresye gwo angajman Gouvènè Hochul anvè yon edikasyon siperyè piblik ki abòdab e ki gen bon kalite pou chak Nouyòkè."

Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa te deklare, "Konferans sou Aksè ak Kolèj Eta Nouyòk la reflekte fòs patenarya nan elaji opòtinite pou elèv ak fanmi atravè tout eta nou an. Lè nou rasanble pwofesyonèl èd finansyè, konseye, defansè ak lidè nan edikasyon siperyè, nou ap ranfòse rezo sipò ki ede elèv yo navige chemen ki mennen yo nan kolèj. Mwen felisite moun ki resevwa Prim Aksè ak Kolèj ane sa a epi mwen remèsye yo pou angajman san fay yo pou asire chak elèv nan Nouyòk kapab jwenn resous, oryantasyon ak sipò finansyè yo bezwen pou pouswiv objektif edikasyon yo."

Prezidan Komisyon Kolèj ak Inivèsite Endepandan yo (Commission on Independent Colleges and Universities, CICU), Lola W. Brabham, te deklare, "Felisitasyon pou moun ki resevwa Prim Aksè ak Kolèj Eta Nouyòk 2026 yo, epi pou patnè nou yo nan Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè Eta Nouyòk dèske yo te òganize premye konferans enpòtan sa a. Toupatou nan Eta Nouyòk, konseye yo, pwofesyonèl èd finansye yo ak defansè aksè ak kolèj yo travay chak jou pou asire etidyan ak fanmi yo konprann opòtinite ki disponib atravè pwogram tankou FAFSA, TAP, ak lòt ankò HESC administre. Lidèchip yo esansyèl pou elaji aksè ak aksesibilite, epi pou ede plis elèv pouswiv edikasyon siperyè ak karyè ki ranfòse kominote nou yo ak eta nou an. CICU fyè pou l patisipe nan efò sa a epi pou l selebre moun ak òganizasyon yo ki, atravè travay yo, ap ouvri pòt pou etidyan atravè Eta Nouyòk."

Prezidan Asosyasyon Kolèj Prive, Donna S. Gurnett, te deklare, "Asosyasyon Kolèj Prive yo plis pase kontan patisipe ansanm ak patnè sektè nou yo nan premye Konferans sou Aksè ak Kolèj nan Eta Nouyòk la. Sa a se yon lòt egzanp ankò sou fason sektè piblik ak prive nan ansèyman siperyè ka mete tèt yo ansanm pou ede asire plis moun nan Eta Nouyòk gen aksè ak zouti ak resous yo bezwen pou pouswiv chemen aprè segondè yo chwazi a. Mèsi ak Gouvènè Hochul ansanm ak lidèchip HESC a paske yo kontinye fè aksè ak pri abòdab pou kolèj tounen yon priyorite pou elèv nan Eta Nouyòk."

Premye Konferans lan make yon moman desizif pou Eta a epi li sèvi kòm yon poto mitan nan misyon Gouvènè a pou fè kolèj vin pi aksesib grasa yon angajman pataje, patenarya elaji, ak envestisman istorik yo. Mete an valè nan yon [videyo ouvèti](#) ki te vrèman pwisan, pwogrè transfòmatè ki fèt nan edikasyon anba lidèchip Gouvènè Hochul la pouse Eta Nouyòk rive nan senkyèm plas nan peyi a pou kantite FAFSA yo ranpli — sa ki montre angajman solid eta a pou soutni etidyan yo, ranfòse fanmi yo, epi ogmante konsyantizasyon sou opòtinite èd finansye yo. Inisyativ tankou [Mwa](#)

[Aplikasyon pou Kolèj](#), Mwa Konsyantizasyon sou Èd Finansye, te elaji [evènman pou ranpli FAFSA](#) ki elaji, ak patenarya atravè tout eta a ki vin pi solid kontinye bay plis elan epi asire plis moun nan Eta Nouyòk pare pou pouswiv edikasyon siperyè.

Pwogrè sa a se yon temwayaj efò kolaboratif òganizasyon ak enstitisyon ki angaje yo pou sipòte etidyan ak fanmi yo. [Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè Eta Nouyòk](#) la te òganize konferans lan an patenarya ak [Inivèsite Eta Nouyòk \(State University of New York, SUNY\)](#), [Inivèsite Vil New York \(City University of New York, CUNY\)](#), [Depatman Edikasyon Eta Nouyòk](#), [Asosyasyon Kolèj Prive \(Association of Private Colleges\)](#) ak [Komisyon Kolèj ak Inivèsite Endepandan](#).

Foto evènman an ak anrejistreman sesyon konferans yo disponib sou [sitwèb HESC a](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)